



## **AJANDA OPÒTINITE 2015**

***Kreye opòtinite ekonomik pou tout moun***

***Amelyore ak Refòme Sistèm Edikasyon nou an***

***Restore konfidans ak konfyans nan sistèm jistis la alafwa nan pèsèpsyon ak nan reyalite***

21 janvyè 2015

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante “Ajanda Opòtinite 2015” li nan Plaza Sant Konvansyon Empire State nan Albany. Ajanda Gouvènè a fèt pou restore opòtinite ekonomik, amelyore ak refòme sistèm edikasyon nou an, ak restore konfyans ak konfidans piblik nan sistèm jistis nou an. Plan sa a se yon pake konplè ak fonsè nan refòm lejislatif, aksyon eta, ak investisman piblik ki pral ogmante opòtinite pou tout Nouyòkè yo epi fè Eta ale delavan.

Liv règleman Ajanda Opòtinite 2015 konplè Gouvènè a disponib [la](#), e prezantasyon ki koresponn lan disponib [la](#).

### **OPÒTINITE EKONOMIK**

***Pwopozisyon #1: Koupe taks pou ti biznis yo soti nan 6.5 pousan pou rive a 2.5 pousan***

Ti biznis yo se motè nan ekonomi nou an, yo konte 43 pousan nan travay sektè prive a ak 35 pousan nan salè sektè prive nan eta. Pou sipòte kwasans nan sektè ki enpòtan nan ekonomi nou an, Gouvènè a pwopoze pou redwi revni nèt pousantaj taks soti nan 6.5 pousan pou rive a 2.5 pousan sou yon peryòd twazan pou ti biznis yo ki te klase anba Atik 9-A. Pousantaj sa a pral pi ba to revni taks nèt pou ti biznis yo depi 1917 e li vini sou talon plis pase \$500 milyon nan rediksyon taks pou ti biznis yo ke Gouvènè a te deja akonpli. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

***Pwopozisyon #2 & 3: Pase \$1.7 milya nan soulajman Task sou Pwopriyete***

Pandan dènye deseni ki sot pase yo, taks sou pwopriyete nan New York te ogmante nan nivo istorik, sa te lakoz anpil fanmi ap kesyone si ou non yo ka achte yon kay akoz fado taks sa ta

pral ajoute a. Pou restore opòtinite ekonomik atravè eta a, nou dwe kontinye bay alejman taks sou pwopriyete pou fanmi klas mwayèn ak pòv kap goumen anba pwa taks sou pwopriyete kap kraze yo.

Gouvènè Cuomo te pwopoze yon kredi taks sou pwopriyete pou fanmi ki gen revni ki pi ba pase \$250,000 ak fado taks ki depase sis pousan nan revni yo. Kantite lajan espesifik kredi yon kay resevwa ap detèmine sou yon echèl revni pwogresif, konsa Nouyòkè ki gen pi gwo presyon taks ak pi ba nivo revni pral benefisye pi gwo soulajman. Daprè pwogram sa a, 1.3 milyon Nouyòkè pral ekonomize yon mwayèn preske \$1,000 pa ane. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

Pwopozisyon soulajman fiskal Gouvènè a gen ladan tou yon kredi lokatè, sou baz estimasyon ke yon pati enpòtan nan lwaye brit ale nan taks sou pwopriyete. Kredi a la pou kontribiyab ki gen revni ki rive jiska \$150.000 lè kantite lajan ki ale nan taks sou pwopriyete depase sis pousan revni yo. Sa pral garanti jistis ak egalite pou apeprè yon milyon Nouyòkè ki- menm lè yo pa posede pwopriyete – toujou ap sibi presyon to taks sou pwopriyete men wotè ki se mak fabrik Eta New York depi plizyè dizèn lane. Mwayèn lokatè yo pral obsève yon ekonomi \$400 anba pwogram sa a.

#### ***Prwopozisyon #4: Modènize Ayewopò JFK, LGA, Stewart ak Republic***

Ayewopò New York yo se pòtay eta, rejyon, ak nasyon an. John F. Kennedy International ak LaGuardia poukont yo resevwa apeprè 80 milyon pasaje pa ane, sipòte apeprè 350,000 travay, \$18 milya nan salè ak plis pase \$50 milya nan aktivite ekonomik. Sepandan, toulède toujou klase pami pi move ayewopò nan peyi a nan konsepsyon ak eksperyans pasaje. Ane pase, Gouvènè a te lanse yon [Konpetisyon Plan Daksyon Konsepsyon](#) pou re-imaginer LaGuardia ak JFK ak etabli yon panèl sèt-manm ki gen ekspètiz nan biznis planifikasyon ak kominote lokal la, pou ba l konsèy ak Port Authority New York ak New Jersey sou pi bon konsepsyon ayewopò yo.

Ayewopò LaGuardia se premye pòtay lokal New York, ki sèvi prèske 27 milyon pasaje chak ane. Depi plizyè ane vwayajè, biznis, ak anplwaye ayewopò yo ap mande pou amelyore aksè nan LaGuardia. Anplis de modènize lokal yo nan ayewopò a, Eta a pral amelyore aksè tou nan kreye yon Air-Train nan LaGuardia ki konekte dirèkteman nan sistèm tren ak chemendefè Long Island nan Estasyon Mets-Willets point. Port Authority a pral konstwi AirTrain lan ak MTA pou apeprè \$450 milyon. Enfòmasyon sou liy AirTrain lan disponib [isit la](#).

#### ***Pwopozisyon #5: Pwopoze pou fè ayewopò Republic ak Stewart zòn taks lib atravè START-UP NY***

Gouvènè a te mande tou Port Authority ak Empire State Development pou ogmante kapasite kago nan Ayewopò Stewart nan Hudson Valley, atravè konsepsyon yon sant distribisyon kago rejyonal. Depatman transpòtasyon te fè yon Demann pou Enfòmasyon (RFI) an konjonksyon avèk Empire State Development pou idantifye yon nouvo operatè pou Ayewopò Repiblik nan Long Island. Pou ensite devlopman ekonomik nan ak otou ayewopò sa yo, Gouvènè a pwopoze ke yo deziyen toulède kòm zòn ki pa gen taks atravè inisyativ START-UP NY.

***Pwopozisyon #6: Bati nouvo Estasyon Metro-North nan Bronx ak Elaji Aksè nan Estasyon Penn***

Aksè Metro North nan Estasyon Penn pral non sèlman amelyore transpò ant New York ak zòn ozalantou yo, men li pral ranfòse rezistans rejyon an nan fè fas a tanpèt nan lavni. Pwojè Aksè Penn lan pral bay nouvo sèvis tren nan pòsyon defavorize kap grandi nan Bronx nan Bò Lwès Manhattan ak nan sant travay kap grandi nan Westchester ak apre yo. Eta a pral bati kat nouvo estasyon nan Bronx – Co-op City, Morris Park, Parkchester, ak Hunts Point – pou elaji aksè tren pou plis pase 93,000 rezidan kap viv toupres estasyon yo. Pwojè a pral sèvi youn nan pi gwo konsantrasyon sant medikal tou nan Etazini nan estasyon Morris Park. Pri nouvo liy ak estasyon yo ap pi piti pase \$1 milya, avèk Eta a kap investi \$250 milyon nan finansman sa a.

***Pwopozisyon #7: Investi \$150 milyon pou konstwi estrikti pakin vètikal nan lokasyon stratejik nan Long Island ak Westchester***

Pou ede soulaje konjesyon akòz kwasans zòn nan, Eta a pral investi nan devlopman enstalasyon pakin vètikal nan Ronkonkoma ak lokasyon sant Nassau nan Long Island, ak nan Lighthouse Landing nan Tarrytown, Konte Westchester. Investisman sa yo pral asire ke propriyete ki itilize aktyèlman sitou pou pakin kapab re-devlope pou sèvi plizyè bagay – ankouraje investisman andetay ak devlopman rezidansyèl - pou ede ranfòse kominote lokal sa yo ak ekonomi yo. Eta a pral investi \$150 milyon pou ede konpanse pou depans enstalasyon pakin yo.

***Pwopozisyon #8: Investi nan Nouvo Pon NY epi stabilize NYS Thruway***

Gouvènè Cuomo pwopoze pou investi \$1.3 milya nan sistèm Thruway pou desann tòl ak pèmèt reparasyon enpòtan ak antretyen, sipòte konstriksyon Pon Tappan Zee ak opsyon transpò altènatif.

Anplis, yo pral investi estratejikman \$750 milyon nan depatman rezo transpòtasyon wout ak pon nan tout eta a pou asire ke biznis kapab grandi ak kreye travay.

***Pwopozisyon #9: Asire aksè laj bann entènèt wo-vitès nan tout eta nan fen ane 2018***

Gouvènè Cuomo te etabli yon objektif anbisyè pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè a sèvis entènèt wot vitès nan fen ane 2018. Nan fason pou akonpli sa a, Gouvènè a te pwopoze pou lanse yon pwogram laj bann nan tout eta a ki ogmante omwen yon lòt \$500 milyon nan resous prive pou kreye nouvo pwogram NY Broadband. Pwogram lan pral ankouraje founisè yo nan sektè prive a pou elaji aksè entènèt wot vitès yo nan kominote ki defavorize ak mal desèvi yo. Sa a se investisman eta ki pi gwo ak pi anbisyè nan deplwaman laj bann inivèsèl nan peyi a. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

***Pwopozisyon #10: Lanse yon lòt seri \$110 milyon dola NYSUNY2020 ak NYCUNY2020, ak yon investiman kontinyèl \$50 milyon dola nan START-UP NY***

SUNY2020 ak CUNY2020 se pwogram sibvansyon difisil ki fèt pou anmenmtan ranfòse pwogram akademik nan kolèj ak inivèsite piblik Eta pandan lap ensite kwasans ekonomik nan kanpis spesifik ak nan kominote toupre yo. Pwogram lan bay rekonpans pou devlopman kapital nan ak otou kanpis SUNY sk CUNY. Nou dwe kontinye alimante antrepriz sa a avèk investisman adisyonèl kapital nan elaji SUNY2020 ak CUNY2020 avèk yon lòt seri finansman pou asire ke kolèj ak inivèsite nou yo gen etablisman ak zouti yo bezwen pou akselere kwasans pou agrandi ekonomi nou an.

START-UP NY ogmante pwèn fò enstitisyon edikasyon siperyè New York lè yo ankouraje biznis yo pou pran avantaj nan rechèch ak devlopman kapasite, pwogramasyon akademik, ak inisyativ fòmasyon travay ki fè pati nan kanpis kolèj eta. Pandan ke pwogram lan nan etap demaraj li, START-UP NY te deja kondwi plis pase \$98 milyon na n nouvo investisman, e li te bay rezilta nan kreyasyon oswa kenbe plis pase 2,100 nouvo djòb.

Lidè nan kolèj ak inivèsite yo jwe yon wòl enpòtan nan kalite patenarya piblik/privè ant nouvo konpayi START-UP NY yo ak enstitisyon òganizatè yo. Toutfwa, Gouvènè Cuomo pwopoze ke SUNY ak CUNY bay rekonpans finansye pou prezidan yo ki bay yon lidèchip ki pwouve ki lakoz nan komèsyalizasyon rechèch.

***Pwopozisyon #11: Double Fon Kapital Antrepriz Eta New York***

Fon Kapital Antrepriz Inovasyon Eta New York, Gouvènè Cuomo te pwopoze a, te etabli pou sipòte komèsyalizasyon teknoloji nan New York nan fè investisman ekite nan konpayi teknoloji kwasans elve kap ogmante fòs endistriyèl ak gwoupman eta. Gouvènè Cuomo pwopoze pou double fon an a \$100 milyon nan \$50 milyon aktyèl la nan fason pou ogmante enpak li nan tradwi bon lide an opòtinite ekonomik ak travay. Ogmantasyon finansman an pral sible yon pati nan investisman l nan konpayi yo ki asosye avèk START-UP NY, Hotspots, ak pwogram Gwoup Ekonomik Rejyonal ki pwopoze a.

***Pwopozisyon #12: Aliyen kolèj kominotè yo avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal***

Sa a te plis pase 60 ane depi Eta te premye etabli operasyon ak estrikti òganizasyonèl nan 30 kolèj kominotè SUNY nou yo. Modèl ki te parèt kòm yon fason inovè pou fòme mendèv la pou ekonomi apre lagè a, men nou konnen sa ki te inovè nan 1946 souvan pa inovè jodia. Nou bezwen pou nou pi byen aliyen aktivite kolèj yo nan chak rejyon epi asire ke yo rete fidèl a misyon yo pandan lap asire pi bon rezilta pou elèv yo.

Pou ankouraje nouvo apwòch sa a, SUNY pral kreye nèf konsèy planifikasyon rejyonal asire ke 29 kolèj kominotè andeyò vil New York yo kolabore avèk lòt kolèj yo nan nèf rejyon devlopman ekonomik eta e kolèj yo, ansanm avèk entèvenan yo ki soti nan lòt ajans yo nan eta, gouvènman lokal ak bizini ak endistri nan yon rejyon ap travay ansanm. Anba strikti sa a, plizyè

kolèj nan yon rejyon pral vini ansanm anba yon konsèy asanble rejyonal. Prezidan nan chak konsèy pral yon prezidan nan elektora kolèj la ki pral travay sou yon baz rotasyon e SUNY pral sipèvizè travay konsèy la. Konsèy sa yo pral etabli pwogram objektif devlopman, enskripsyon ak transfè sou yon baz rejyonal epi soumèt yon plan anyèl bay SUNY. Sa a pral limite konpetisyon kolèj yo pou etidyan yo nan yon rejyon, ak pi byen amonize edikasyon ak pwogram fòmasyon ki ofri nan objektif devlopman ekonomik rejyonal ak aktivite, epi amelyore rezilta etidyan yo.

### ***Pwopozisyon #13: Kontinye pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal***

Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli dis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC yo) pou devlope plan devlopman ekonomik stratejik alontèm. Depi lè sa, REDC yo te atribye plis pase \$2.9 milya dola nan finansman Eta atravè yon pwosesis konpetitif pou ensite kreyasyon travay baze sou priyorite rejyonal. Nouvo strateji sa a te bay rezilta nan 150,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York.

Pou fè pwogram sa a kontinye ale delavan, Gouvènè a pwopoze pou l kontinye strateji devlopman ekonomik rejyonal li avèk yon senkyèm seri prim REDC, atribye \$150 milyon pou finanse pwojè priyorite rejyonal ak \$70 milyon nan kredi taks sou lavant.

### ***Pwopozisyon #14: Lanse yon Konpetisyon Revitalizasyon Ekonomik \$1.5 milya nan Pati Nò New York***

Konpetisyon sa a pral repwodui inisyativ Buffalo Billion ki gen siksè pou ede plis rekiperasyon ekonomik nan pati Nò New York. Sèt rejyon kalifye pou fè konpetisyon pou youn nan twa fon \$500 milyon pou revitalizasyon nò eta: Mid-Hudson, Capital Region, Mohawk Valley, Central New York, North Country, Southern Tier ak Finger Lakes. Pwojè yo montre enpak nan nivo rejyon an sa ki pral fè l yon priyorite e li ta dwe akse sou ranfòse enfrastrikti enpòtan, revitalize kominote yo, ranfòse devlopman mendèv, devlope touris, ak amelyore kalite lavi. Plis enfòmasyon disponib [la](#).

### ***Pwopozisyon #15: Ogmante Fon Pwoteksyon Anviwonman a \$172 milyon***

Nan Bidjè Egzekitif 2015-16 la Gouvènè a pwopoze pou ogmante Fon Pwoteksyon Anviwonman a \$172 milyon, yon ogmantasyon de 28 pousan depi li te antre nan administrasyon an. Ogmantasyon \$10 milyon an pral sipòte ogmantasyon nan katòz kategori, sa ki enkli konsèvasyon tè, jesyon ak kontwòl espès anvayisan ak prevansyon. Ogmantasyon an gen ladan yon nouvo sou-alokasyon pou kapasite sibvansyon a gwoup zanmi park Eta.

### ***Pwopozisyon #16-18: Pwopoze Fon \$50 milyon pou Prezèvasyon Fèm pou agrandi ak pwoteje agrikilti nan Southern Tier ak Hudson Valley***

Avèk yon investisman \$50 milyon Gouvènè a pral lanse de inisyativ stratejik fèm ki fèt pou asire ke fèm yo rete entak ak vibran pou jenerasyon kap vini yo.

### Inisyativ Fèm Southern Tier

Rejyon Southern Tier se yon zòn agrikòl ki enpòtan istorikman ki gen yon vas potansyèl pou kwasans. Avèk resous dlo ki abondan ak bon jan kalite tè, agrikilti nan rejyon Southern Tier li prè pou l eksploze. Gouvènè a pral mete disponib \$30 milyon dola pou ede pwopriyetè teryen yo kenbe, devlope ak grandi fèm yo, agrikilti ak biznis ki gen rapò.

### Inisyativ Fèm nan Hudson Valley

Rejyon Hudson Valley se yon sant agrikòl enpòtan nan Eta New York. Plis pase 5,300 fèm pwopaje nan 730,000 karo tè. Nan yon nivo 150 kilomèt de Manhattan, yon 18 pousan etonan nan 11 konte rejyon an se tè agrikòl. Pwoksimitè rejyonal a Vil New York ak lòt sant popilasyon enpòtan pandan lontan te fè rejyon an atiran pou agrikilti. Rejyon an bay vas majorite manje nan mache kiltivatè Vil New York men potansyèl la menm pi gran. Vil New York estime ke genyen omwen \$600 milyon dola bezwen ki pa satisfè pou manje ki pwodui lokal. Pou ede reponn a bagay sa a ansanm ak lòt demann yo, Gouvènè a pral lanse yon inisyativ stratejik pou pwoteje tè agrikòl yo ak biznis ki gen rapò nan Hudson Valley lè yo mete \$20 milyon dola disponib pou achte tè agrikòl konsèvasyon dwa pasaj epi asire avni agrikilti nan valley a.

### ***Pwopozisyon #19: Lanse 76West, yon konpetisyon biznis enèji pwòp nan Southern Tier***

Eta New York rapidman te etabli tèt li kòm yon lidè nasyonal nan matyè inovasyon enèji pwòp lokal ak investisman. Pou avanse ak akselere pwogrès sa a, New York State Energy Research and Development Authority pral lanse 76West, premye nan kalite sa konpetisyon biznis enèji pwòp \$20 milyon dola pou pote nouvo djòb nan Southern Tier. Konpetisyon an pral pran avantaj nan resous natirèl abondan rejyon an, yon sektè ki anplèn elan manifakti avanse, rechèch fyab ak kapasite transfè teknoloji, ansanm avèk fòmasyon biznis ak pwogram amelyorasyon ki deja anplas.

Konpetisyon enteresan sa a pral atire investisman ki pwomèt ak nouvo lide ki soti toupatou nan mond lan a rejyon an. Nan kad konpetisyon an, antreprenè ak konpayi yo pral prezante lide yo epi fè konpetisyon pou finansman, asistans teknik, ak lòt sèvis pou ede yo chanje pwopozisyon yo an nouvo opòtinite. 76West se yon sitiyasyon viktwa pou alafwa antreprenè yo ansanm avèk rejyon an, bay gayan konpetisyon yo kapital ki enpòtan epi stimile nouvo investisman nan Southern Tier.

### ***Pwopozisyon #20: Investi \$65 milyon nan sant enfrastrikti pò ak tren***

Nan fason pou eta kontinye antreprann pwojè transfòmasyon enfrastrikti, Gouvènè Cuomo pral bay \$65 milyon pou amelyore finansman enfrastrikti nan Eta New York. Finansman pral sipòte yon inisyativ nan tout eta pou finanse pwojè enfrastrikti konplèks a gran echèl nan Eta ak mobilize metòd livrezon pwojè inovatif, enkli konsepsyon-konstriksyon ak patenarya piblik prive. Eta pral bay resous nan fason ki annaprè a:

- \$40 milyon a Pò Oswego pou relye avèk Pò New York epi kreye plis lakou tren entèmodal nan Syracuse ak Binghamton. Kalite amelyorasyon sa yo pral redwi trafik

gwo kamyon sou otowout nan pati sid eta, devlope kapasite ekspòtasyon antrepriz gwo mwayèn ak piti nan nò eta, ak elaji efò founisè sèvis rejyonal yo.

- \$15 milyon pou amelyorasyon Pò Albany pou asire ke pati nò New York pare pou l jere ogmantasyon ki prevwa nan kantite kago kontenè akòz ekspansyon Kanal Panama nan 2016. Envestisman eta pral sipòte amelyorasyon nan waf southern dock pou elaji kapasite anbakman epi sèvi operasyon sereyal.
- \$10 milyon pou amelyorasyon etablisman ak ekipman waf Ogdensburg, sa ki gen ladan apwofondi waf la pou akomode pi gwo bato epi elaji depo sèl ak sereyal.

***Pwopozisyon #21: Envesti \$50 milyon pou transfòme sit fwa (Fairgrounds) eta nou an pandan tout yon lane, etablisman a plizyè itilizasyon***

Se te pandan plis pase yon santèn ane depi Fwa Eta New York te anbake sou yon pwojè kapital transfòmatif. Se te nan ane 1909 lè premye nan bilding yo te konplete nan kad devlopman sa a. Ane sa a nou te depoze fondasyon pou nouvo syèk la yon nouvo Fwa Eta dinamik, youn ki pral sipòte ekonomi santral New York, montre manje New York ak agrikilti epi revitalize konte Onondaga nan yon fason ki san parèy. Grasa yon investisman \$50 milyon nou pral transfòme Fwa Eta New York an yon etablisman plizyè itilizasyon -pou amelyore sit fwa ak nan kominote avwazinan yo pou kreye yon destinasyon touris ak - amizman nivo mondyal, sa ki fè gwo fwa Eta nan peyi a epi bay aktivite ekonomik amelyore pou deseni kap vini yo.

***Pwopozisyon #22: Depanse \$1.5 milyon pou achte tè pou fòmasyon ak \$25 milyon pou amelyorasyon nan zòn Wout 26***

Fort Drum se youn nan trezò New York ak yon ankraj enstitisyonèl pou rejyon li yo. Plis pase 50,000 rezidan North Country konte sou baz sa a pou stabilite ekonomik – se jis yon lòt rezon kifè Eta New York te e li pral kontinye envesti nan sipòte baz pou gason ak fi yo kap travay la. Nou te fini Konektè Fort Drum (I-781) pou fè baz la pi solid ekonomikman. Nou te bati plis pase 700 inite lojman a bon mache. Nou te chanje yon izin chabon nan Sant ReEnergy Black River Fort Drum, kreye travay ak enèji renouvlab pou tout rejyon an. E nou poko fini. Nou pral fè tout sa nou kapab pou asire ke Fort Drum rete yon enstalasyon solid nan New York ak yon kay diy nan divizyon 10<sup>yèm</sup> Mountain.

Akoz enpòtans Fort Drum alafwa nan ekonomi ak nan efò defans nasyonal nou an, Eta pral fè yon investisman stratejik \$1.5 milyon dola pou achte plis pase 1,300 karo tè pou amelyore efò fòmasyon ansanm avèk \$25 milyon pou kontinye ale delavan avèk amelyorasyon ki te diskite depi lontan nan Wout 26 nan Fò a.

***Pwopozisyon #23: Kontinye pote atansyon entènasyonal nan Nò New York avèk defi nou yo ak investisman \$25 milyon nan kanpay “I LOVE NY” nou an***

New York ap kontinye atire vizitè ki soti toupatou nan mond lan. Kòm yon motè ekonomik, touris sipòte dirèkteman preske 900,000 djòb e li jenere \$59.2 milya nan depans dirèk nan Eta New

York. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo eta te triple sipò pou endistri touris avèk mezi ki gen ladan yon kanpay touris \$45 milyon dola.

Pou kontinye kondwi ekonomi touris nou an nan Nò eta ak lòt kote, Gouvènè a pral angaje \$25 milyon nan kanpay maketing I LOVE NY ki egziste deja e li pral egalman òganize yon lòt seri nan aktivite Defi ete ak ivè Gouvènè a nan Adirondacks, yon tounwa lapèch nan Finger Lakes, ak de koup diven—youn nan Finger Lakes ak youn nan Long Island.

#### ***Pwopozisyon #24: Kreye yon pwogram Devlopman Enpò-Ekspò \$35 milyon Global NY***

Gouvènè Cuomo pral lanse yon Pwogram Devlopman Global NY \$35 milyon pou ankouraje plis konpayi ki baze nan New York ekspòte pwodui yo nan mache kap etabli ak parèt nan mond lan. Pwogram Devlopman Global NY pral bay sibvansyon ak prè pou ede ti ak mwayèn biznis ki baze nan Eta eksplòre nouvo opòtinite ekspòtasyon oswa ekspansyon mondyal avèk finansman pou devlope ak fè konpetisyon.

Kòmanse ane sa a, Gouvènè Cuomo pral dirije misyon komès entènasyonal nan mache yo enkli Mexico, Canada, Italy, China, Israel, ak Cuba. Pandan ke senk sou sis misyon komèsyal anpil ladan yo se patnè komèsyal New depi lontan, Cuba inik. Depi 1960, komès ak vwayaj ale retou Cuba te lajman entèdi. Kounye a, pòt yo pou mache sa a ki gen plis pase 11 milyon moun te reouvè a Nouyòkè yo, ak biznis New York yo. Nan semèn kap vini yo, Gouvènè pral dirije yon misyon komèsyal spesyal nan Cuba pou elaji opòtinite pou biznis New York yo nan yon militid sektè.

#### ***Pwopozisyon #25: Devlope Strikeforce Chomaj nan dis zòn chomaj pi elve yo***

Gouvènè a kwè ke tout Nouyòkè yo ta dwe anmezi pou kontribye nan ekonomi eta, e li te demontre angajman sa a nan me 2014 lè li te anonse kreyasyon yon Gwoup Travay Chomaj, yon nouvo kanpay a plizyè etap pou sible zòn yo nan eta ki gen piwo nivo pousantaj chomaj epi stimile travay. An patenarya avèk Empire State Development, Depatman Travay Eta, ansanm avèk lòt yo, kanpay la fèt pou stratejikman konsantre sou zòn yo ki gen piwo pousantaj chomaj, sa ki te nan prentan 2014 se te konte Bronx, Jefferson, Lewis, ak Kings. Nan Bronx, Gwoup Travay Chomaj la te ede aperè 4,000 rezidan Bronx jwenn travay e chomaj nan nivo ki pi ba depi 2008. Efò sible ak kowòdone sa a ap deplase zegwi a.

Gouvènè a pral kontinye travay li pou asire ke chak Nouyòkè ki vle yon travay ka jwenn youn, e li pwopoze pou elaji Gwoup Travay Chomaj la avèk \$12 milya dola nan sis konte adisyonèl: Konte St. Lawrence, Oswego, Orleans, Montgomery, Franklin ak Steuben.

#### ***Pwopozisyon #26: Kreye Gwoup Travay Anti-Povrete nan Rochester***

Rochester se youn nan vil ki pi pòv nan peyi a – yon reyalite ki dwe chanje. Devlope sou [Ajanda Opòtinite Anti-Povrete 10 pwen](#) Gouvènè a , epi konprann bezwen inik nan Rochester, nouvo gwoup travay sa a pral fè patnè avèk lidè non pwofi piblik ak prive pou konbat povrete epi goumen kont inegalite nan vil la. Plis enfòmasyon disponib [la](#).



**Pwopozisyon #27-34: Adopte yon ajanda mobilite ekonomik pou bay chak Nouyòkè yon chans:**

1. Nou ka ogmante salè minimòm nan
2. Konbat grangou
3. Envesti nan lojman a bon mache ak devlopman kominotè
4. Devlope pwogram lben Travay Jèn
5. Ogmante opòtinite biznis MWBE yo
6. Bay soulajman prè etidyan pou gradye yo ki gen gwo dèt (plis enfòmasyon disponib [la](#))
7. Etabli Biwo Sèvis Devlopman Kominotè ki baze sou Lafwa plis enfòmasyon disponib [la](#))
8. Finanse yon fon \$50 milyon pou devlopman kominotè non-pwofi

**EDIKASYON: GRAN EGALIZATÈ A**

**Nou pral pouswiv yon ajanda anbisye P-12:**

Pandan ane sa a, asistans lekòl nan piwo nivo l pandan toutan e plis pase 65 pousan nan resan ogmantasyon yo te dirije vè distri lekòl ki gen bezwen pi elve yo. Men elèv New York yo toujou rete dèyè:

- New York ap trennen dèyè 31 lòt eta nan pèfòmans elèv nan matematik nan “kat rapò pwogrè peyi a”;
- Apèn si twa sou kat elèv diplome nan lekòl segondè atan;
- Eka randman nan pousantaj gradyasyon ant elèv Nwa ak Latino ak elèv blan pèsiste, espesyalman lè li kesyon de pousantaj elèv kap resevwa diplòm degre avanse.
- Sèlman 38 pousan nan elèv ki diplome nan lekòl segondè prepare pou kolèj ak karyè; e
- Sèlman yon tyè nan elèv yo ki nan klas 3-8 ane fè nòt nan nivo konpetans ak piwo nan matemtik ak Angle Langaj Art.

Li tan pou n chanje sa radikalman e yon ajanda refòm anbisye P-12 kap chèche pou:

1. Pwofesionalize ansèyman, sipòte pwofesè yo ak ogmante nòm yo.
2. Ranfòse evalyasyon pwofesè.
3. Rekonpanse pwofesè ki pèfòme avèk pèman pèfòmans.
4. Transfòme lekòl fèb yo nan eta.
5. Rapidman men ekitableman retire pwofesè ki pa konpetan yo.
6. Elaji lekòl piblk endepandan yo [charter school].
7. Pase Lwa DREAM ak ETC
8. Pwolonje Kontwòl Majistra.
9. Kontinye sipòte Pre-k pou timoun ki gen laj 4-ane.
10. Mete sou pye Pre-k pou timoun ki gen laj 3-ane.
11. Lanse Komisyon NY Mentoring.

***Pwopozisyon #35: Peye frè eskolè konplè SUNY oswa CUNY pou kandida pwogram etid siperyè ki alatèt yo ki angaje pou anseye nan New York pou omwen senkan***

Nan fason pou amelyore kalite ansèyman, nou dwe atire pi bon kandida yo epi elve respè pou pwofesyon an. Nou konnen sèl faktè ki pi enpòtan lekòl nan edikasyon yon timoun se yon pwofesè ki byen kalifye. Nou dwe asire ke timoun nou yo gen pi bon pwofesè yo merite. Pou ensite etidyan ki pi pèfòman nou yo pouswiv ansèyman kòm yon karyè, Gouvènè a pwopoze pou bay bousdetid konplè pou pwogram edikasyon siperyè SUNY ak CUNY pou kandida ki pi pèfòman yo ki abite New York e ki dakò pou anseye nan New York pandan senkan apre yo fin diplome nan degre yo.

***Pwopozisyon #36: Pou investè nan pwofesyon ansèyman, kreye yon pwogram rezidans pou pwofesè yo***

Twòp pwofesè antre nan salklas yo nan kòmansman karyè yo avèk mank pratik eksperyans ansèyman timoun ki pa adekwat. Yon nouvo pwofesè pral fin fè kou ki konsantre sou teyori edikasyon men souvan li manke konpetans ak eksperyans ki nesèsè pou li ka kòmanse fonksyone. Bon pwofesè yo devlope pandan letan e yo bezwen sipèvizyon klinik entans.

Gouvènè a pral kreye pwogram Rezidans Pwofesè New York [New York Teacher Residency (NYTR) program] – yon modèl rezidans pwofesè nan tout eta ki pral entegre pwogram edikasyon pwofesè diplome ki gen pratik rich eksperyans ansèyman nan salklas. NYTR pral mare ansanm kou detid Metriz avèk yon ane konplè rezidans sipèvize nan yon lekòl kalifye, ki sanble a sa nou ofri doktè ki nan fòmasyon yo.

***Pwopozisyon #37-41: Ranfòse evalyasyon pwofesè***

Ane pase, yo te klase mwens pase yon pousan pwofesè nan Eta New York inefikas, men elèv nou yo toujou ap trennen dèyè nan pèfòmans. Nou bezwen yon sistèm evalyasyon pwofesè solid ki ka ede lidè lekòl yo rekonèt ak rekonpanse pwofesè ekselan yo epi idantifye sa yo ki bezwen amelyorasyon.

Gouvènè a pwopoze pou fè chanjman nan sistèm evalyasyon pwofesè pou asire ke yo rekonèt pwofesè yo e pou yo jwenn tretman kòm moun pwofesyonèl ki gen konpetans, fòs ak feblès yo tout pa ka ranplase. Pou asire ke sistèm evalyasyon pwofesè nou an reyèl, presiz ak jis, Gouvènè Cuomo pwopoze yon seri refòm pou senplifye ak inifòmize sistèm lan:

1. Olye gen de mezi kwasans elèv, nou pral elimine mezi lokal la. Nan nouvo sistèm lan, senkant pousan nan nòt yo pral baze sou tès eta, oswa nan ka pwofesè yo nan klas oswa matyè ki pa tès, mezi kwasans yon elèv ki mezire yon ane kwasans akademik.
2. Yo pral detèmine rès nòt senkant pousan pa obsèvasyon rijid edikatè a annaksyon; nan sa a, obsèvatè endepandan pral detèmine trant-senk pwen e kenk pwen yo pral detèmine pa obsèvasyon sipèvize.
3. Gwoup pwen ke yo itilize kounye a nan dekont rezime evalyasyon an varye nan Eta.

Distri yo etabli pwòp reglaj yo e echèl 100 pwen an te manke bay rezilta. Nou pral etabli dekont nòt pou alafwa mezire kwasans elèv ak pòsyon obsèvasyon nòt la nan nivo eta.

4. Lwa pral deklare tou si yon pwofesè klase inefikas nan nenpòt pati nan nòt la, li pa ka resevwa yon klasman Efikas oswa Otman Efikas.

5. Nou pwopoze yo akòde pozisyon sèlman lè yon pwofesè reyalize nòt efikas pandan senkan youn dèyè lòt.

### ***Pwopozisyon #42: Kreve Yon Fon Pwofesè Ekselan \$20 milyon pou sipòte pi bon pwofesè yo***

Gouvènè Cuomo pral lanse yon Fon Pwofesè Ekselan \$20 milyon ki pral kontinye ankouraje pwofesè ekselan yo pou kontinye anseye nan salklas kote yo bezwen yo pi plis. Pwofesè ki efikas anpil ki nan distri lekòl kap patisipe yo pral elijib pou jiska \$20,000 konpansasyon siplemantè anyèl nan fon pou pwofesè ekselan. Kalifikasyon pou fon an pral egzijè akò ant toulède distri lekòl la ak sendika pwofesè a. Yo pral chwazi distri pou patisipe yo baze sou faktè ki gen ladan keseswa rekonpans yo fèt pou ankouraje pwofesè ki efikas anpil yo pou travay nan lekòl ki gen difikilte yo.

### ***Pwopozisyon #43: Rann li pi fasil, pi jis ak pi rapid pou retire pwofesè ki pa kalifye yo nan salklas***

Sistèm tèminasyon ak disiplin pwofesè aktyèl la, ke yo konnen tankou 3020-a odyans, pa mache. Odyans yo koute anpil e yo pran anpil tan pou distri yo, epi pèmèt abit yo rejte desizyon administratè yo sou konpetans ansanm avèk solisyon ki apwopriye yo. Administratè yo pran batay pwolonje ke yo ka genyen oswa pa genyen, sa ki koute yo ansanm avèk kominote lekòl yo anpil, nan mwayen pou elimine edikatè inefikas ak enkonpetan nan bilding yo. Gouvènè a pwopoze yon seri refòm a 3020-a odyans pou senplifye pwosesis odyans lan, chanje ipotèz, epi ranfòse estanda prèv ki gen ladan:

1. Nan ka kote yo akize yon pwofesè de abi fizik oswa seksyèl sou yon timoun, pral gen yon odyans akselere avèk yon desizyon ke yap pran nan 60 jou. Nou deja genyen yon pwosesis akselere pou pwofesè yo jije ki enkonpetan yo, men nou dwe genyen tou youn pou pwofesè yo akize kap fè timoun yo sa ki pa bon. Pwofesè yo akize ki angaje nan abi pral sispansan san peman, annatandan rezilta odyans lan, e li pral resevwa peman pwo-aktif si ofisye odyans lan jwenn li inosan. Anplis, yon pwofesè ki kondane pou yon krim vyolan kont yon timoun pral otomatikman pèdi lisans pwofesè l.

2. Gouvènè a pwopoze pou l soulaje fado legal sou distri lekòl yo kap chèche pou retire yon pwofesè ke yo te klase enkonpetan pandan dezan youn dèyè lòt. Anba nouvo estanda, yon pwofesè konsa pral sèlman kapab refite prèv solid enkonpetans li nan bay prèv fò ki ka konvenk ke evlyasyon enkonpetans lan te gen fwod.

3. Eliminasyon egzijans legal aktyèl ke administratè yo dwe eseye pou “reyabilite” pwofesè ki enkonpetan yo oswa ki angaje nan move kondwit.

4. Retire obligasyon ke timoun yo dwe testifye anpèsan epi pèmèt ke yo testifye atravè deklarasyon sèmante alekri oswa videyo.
5. Yon klarifikasyon sou lwa ki egziste a ke yo ka revoke yon pwofesè ki pa pèmanan pou nenpòt rezon.
6. Nouvo lwa ki anpeche ke yo bay yon elèv pwofesè ki pa konpetan pandan de ane lekòl youn dèyè lòt.

***Pwopozisyon #44: Aplike modèl Massachusetts la nan New York pou transfòme lekòl ki an defayans yo***

Nan Eta New York, plis pase 100,000 elèv chita nan 178 “lekòl priyorite,” ki defini tankou lekòl ki (i) anba 5 pousan lekòl yo nan tout eta, baze sou ELA konbine ak nòt matematik, e yo pa montre pwogrès nan pèfòmans tès oswa (ii) yo gen pousantaj gradyasyon ki anba 60 pousan pandan dènye twazan yo. 77 nan lekòl sa yo te andefayans pandan preske yon deseni e 27 ladan yo te nan pi ba nivo nan estati responsabiltè pou preske yon deseni. Yo estime ke omwen 250,000 elèv te enskri nan 77 lekòl sa yo depi yo te an defayans lan; 27 lekòl ki pi ba yo te enskri omwen 64,000 elèv.

Pou asire ke lekòl yo ki pi ba bay pèfòmans kwonikman nan eta amelyore nan yon ritm ki pi rapid, Gouvènè a pwopoze modèl lejislasyon ki baze sou modèl edikasyon Massachusetts la. Lè yon lekòl pa reyisi pou twazan, yon non-pwofi, yon lòt distri lekòl, oswa yon espesyalis ki kapab chanje sityasyon an dwe pran lekòl la anchaj. Antite sa a pral gen otorite pou:

- Revize pwogram lan.
- Revize aranjman yo pou revoke pèsanèl ki pa bay pèfòmans lan.
- Bay rekonpans salè pou rekrute edikatè ki otman kalifye.
- Jwenn priyorite sou tan ansèyman pwolonje Pre-K, lekòl kominotè, Kòmanse Kolèj nan Lekòl Segondè ak lòt pwogram sibvansyon Eta.

***Pwopozisyon #45: Bay elèv ki nan lekòl an defayans yo yon preferans***

Pou bay elèv ki nan lekòl defayans yo opsyon adisyonèl nan koutèm Gouvènè a pral kreye yon preferans nan lotri lekòl chatè yo pou kalite elèv sa yo.

***Pwopozisyon #46 & 47: Ajoute yon lòt 100 espas nan barèm chatè yo epi retire limit rejyonal yo***

Daprè lwa aktyèl la, kantite lekòl chatè nan New York pwolonje jiska 460 e vil New York aktyèlman gen sèlman 24 chatè ki rete anba barèm la. Nan yon efò pou kontinye bay fanmi ak elèv yo toupatou nan eta chwa ak pou retire baryè yo ki limite kote yo ka ouvri lekòl chatè yo, Gouvènè a pwopoze ke nou ogmante barèm lan pa 100 epi etabli barèm lan anjeneral nan tout eta olye ke yo fè restriksyon atifisyèl pa rejyon.

***Pwopozisyon #48: Pwopoze lejislasyon “anti-creaming” pou asire ke chatè yo bay opòtinite a popilasyon yo ki gen gwo bezwen***

Pou asiire ke popilasyon elèv lekòl chatè yo montre kominote yap desèvi a, nou pral kreye yon pwovizyon nan lwa “anti-creaming” ki mande pou chatè yo soumèt pousantaj enskripsyon yo nan SED pou elèv Manje Gratis ak Redwi [Free and Reduced Price Lunch (FRPL)], elèv kap aprann anglè ak elèv yo ki gen andikap plizyè fwa nan yon ane pandan yon peryòd senkan ant re-otorizasyon yo kidonk Eta ka pi byen kontwole alafwa enskripsyon ak retansyon elèv sa yo.

***Pwopozisyon #49 & 50: Pase Kredi Taks Edikasyon \$100 milyon pou bousdetid prive ak piblik pou ankouraje chwa nan edikasyon - epi pase lwa DREAM, avèk \$27 milyon nan bidjè ane sa a pou fè li vini yon reyalite***

Pou sipòte investisman prive endividyèl ak biznis nan pwogram edikasyon ki bay fanmi yo chwa pou elèv yo, Gouvènè Cuomo pwopoze pou kreye Kredi Taks Edikasyon sa ki pral pèmèt kontribyab yo reklame yon kredi taks pou kontribisyon elijib yo nan lekòl piblik, òganizasyon amelyorasyon lekòl, fon edikasyon lokal ak òganizasyon bousdetid edikasyonèl.

Pandan tout istwa peyi nou an, New York te sèvi tankou yon limyè espwa pou imigran yo: Estati Libète nan Ellis Island nan pò Vil New York sèvi kòm senbòl wòl santral ke eta te jwe nan akeyi imigran yo epi onore kontribisyon yo nan kilti ak ekonomi nou an. Gouvènè a kwè fòtman ke eta ta dwe kontinye avèk tradisyon sa a lè li sipòte lwa DREAM Eta New York, sa ki pral sipòte avansman imigran ki san papyè yo lè yo pèmèt yo aplike pou asistans frè kolèj Eta.

***Pwopozisyon #51: Pwolonje kontwòl majistra nan Vil New York epi konsidere posibilite nan lòt vil yo***

Majistra te gen kontwòl sou sistèm lekòl piblik Vil New York depi 2002 e lap ekspire nan 2015. Gouvènè Cuomo pral pwolonje kontwòl majistra nan vil New York pou twazan e li pral konsidere aplikasyon pou kontwòl lameri nan lòt vil yo nan eta.

***Pwopozisyon #52: Kenbe investisman nan pre-k inivèsèl pou timoun ki gen laj 4 ane yo***

Eta aktyèlman depanse plis pase \$750 milyon dola nan pwogram pre-k piblik pou timoun laj 4 ane yo, sèvi plis pase 116,000 elèv nan tout eta. Gouvènè Cuomo angaje \$365 milyon nan finansman pou pwogram jounen lekòl konplè pou timoun katran yo pou ane lekòl 2015-2016.

***Pwopozisyon #53: Envesti \$25 milyon nan pwogram pre-K pou timoun ki gen laj 3 ane yo nan distri yo ki gen plis bezwen***

Ansèyman bonè ka konble eka nan reyisit epi bay benefis non sèlman nan etap pi bonè nan lavi a men egalman nan lontèm lan. Etid montre ke timoun ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon anfans gen yon pi bon nòt nan tès mantal jiska laj 21 ane, plis siksè nan egzamen akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

Ane sa a Gouvènè Cuomo pral bati sou investisman nou an ki gen siksè nan timoun laj katran yo nan pwolonje pre-K a timoun twazan yo nan distri yo vize ki gen plis bezwen yo. Nou konnen ke eksperyans bon jan kalite ansèyman dwe kòmanse menm pi bonè pou timoun yo ki gen pi gwo bezwen, e se poutèt sa Eta pral investi \$25 milyon pou sipòte nouvo pwogram kalite Pre - K mwaye jounen ak jounen konplè pou timoun twazan yo nan distri yo ki devlope yon plan pou bay sèvis sa yo nan zòn kote li ka plis avantaj nan ogmante rezilta akademik pou elèv ak kominote yo.

#### ***Pwopozisyon #54: Lanse Komisyon Kontwòl Jèn New York***

Nan 1987, Madam. Matilda Raffa Cuomo te prezide yon komite ki te etabli premye lekòl peyi a ki baze en-a-en pwogram kontwòl Eta New York. Pwogram sa a ki gen anpil siksè nan peyi a te pwojete ak fòmè volontè epi mache yo avèk timoun yo nan kominote yo kòm yon mwayen pou anpeche yo kite lekòl segondè anvan yo diplome. Anvan pwogram lan te fini nan 1995, li te gen siksè nan konekte plizyè milye elèv nou yo ki gen plis nesese nan yon rezo konseye ki fòmè pou yo reyisi nan lekòl epi gradye.

Gouvènè Cuomo pral re-etabli angajman eta pou kontwole kreyasyon Komisyon Kontwòl Jèn New York, ki pral prezide pro bono, pa Madam. Cuomo. Li pral travay avèk sektè prive a ansanm avèk patnè nan òganizasyon non pwofi yo pou idantifye yon gwoup konseye pou travay avèk timoun adoptif yo, timoun ki nan kominote ki gen bezwen elve yo ak lòt timoun ki gen bezwen. Pwogram lan pral pèmèt nou ogmante talan nan kominote nou yo pou gide timoun nou yo nan direksyon rezilta ki gen siksè.

#### **Ogmantasyon èd eta si refòm lan reyisi**

Konfomeman a fòmil ki egziste a, èd Eta nan edikasyon pwograme pou l ogmante ane sa a pa 1.7 pousan, oswa 377 milyon. Gouvènè a te pwopoze yon ajanda refòm anbisye pou transfòme sistèm edikasyon New York nan sa ki pi bon nan peyi a. Refòm sa yo dwe anplas pou asire ke yo investi finansman piblik nan fason kap benefisye timoun nou yo. Si lejislati a pase refòm sa yo, Gouvènè Cuomo pral pwopoze yon ogmantasyon nan sipò Eta nan nivo ki pi elve pase anvan – yon ogmantasyon 4.8 pousan, oswa \$1.1 milya.

### **SEKIRITE PIBLIK**

#### ***Pwopozisyon #55: Kontinye ogmante prezans sekirite nan zòn kle yo***

Nan otòn ki sot pase a nou te double prezans Gad Nasyonal e nan fason enpòtan ogmante prezans lapolis Eta ak polis MTA ak Port Authority nan zòn kle yo akòz aktivite ki gen rapò a teworis kap ogmante toupatou nan mond lan. Teni kont de resan atak ki te fèt aletranje, nap kenbe nivo kontwòl nou, sa ki gen ladan 300 twoup nan gad nasyonal ak 50 twoup nan polis eta, ke nou soutni nan yon angajman \$40 milyon dola.

***Pwopozisyon #56: Fè yon revizyon nan kapasite nou pou lite kont- teworis***

Kòm nati menas teworis New York ap fè fas evolye, nou dwe asire ke efò ak reosus nou yo evolye menm jan pou reponn a menas sa yo. Sa a mande yon kontwòl konplè sou efò prevansyon ak preparasyon New York ki egziste deja. Yon revizyon konsa mande konesans sou operasyon ak règleman ke nou jwenn raman, e se poutèt sa a Gouvènè a ap mande Ray Kelly pou l dirije efò sa a.

Kòm yon Nouyòkè pandan tout lavi, komisyone ki travay pi lontan nan istwa NYPD ak yon lidè sou efò anti-teworis NYPD pou plis pase 10 ane, Komisyone Kelly eksepsyonèlman byen plase pou l rekonèt menas New York ap fè fas ak pou idantifye solisyon ki nesese yo pou konfwonte yo. Avèk yon revizyon konplè Komisyone Kelly te fè New York pral kontinye pou l pi vijilan devan teworis yo.

***Pwopozisyon #57: Envesti \$15 milyon pou ouvè premye kolèj preparasyon ijans peyi a***

Eta pral ouvè yon nouvo kolèj preparasyon ijans ke eta patwone, Homeland Security ak Cybersecurity nan SUNY. Lekòl la pral akòde degre avanse nan alafwa aspè akademik ak pwofesyonèl nan lapolis, sekirite, afè entènasyonal ak piblik, anti-teworis, jesyon ijans, sibè-sekirite ak kriminalistik.

Lekòl la pral premye kolèj sekirite homeland sekirite nan peyi a e li pral ouvè pòt li ane pwochen nan University nan Albany avèk yon kanpis satelit nan Oriskany.

***Pwopozisyon #58: Krewe yon Sistèm \$15 milyon Jesyon Repons Operasyon ki sible sou entènèt (STORM) pou kowòdone efò ijans federal, Eta ak lokal.***

Pou ranfòse ak kowòdone repons ijans lokal, New York pral bati yon rezo jesyon ijans ak repons premye klas nivo mondyal. Gouvènè a te envesti nan yon varyete inisyativ preparasyon ijans nan ane ki te pase yo e kounye a li pral krewe yon sistèm, repons ijans sou entènèt nan tout eta avèk \$50 milyon pou kowòdone efò avèk gouvènman lokal yo. Nou pral fòme gouvènman lokal yo sou sistèm lan, epi krewe nouvo pwotokòl pou asire efikasite ak repons kowòdone.

***Pwopozisyon #59: Ranfòse gouvènman lokal yo nan teknik repons ijans modèn***

Anplis de nouvo sistèm repons lan, nou pral kontinye amelyore efò kowòdinasyon avèk konte, vil ak gouvènman minisipal yo. Rekonèt ke gouvènman lokal yo pote yon konesans apwofondi sou sit la a yon ijans meteyolojik, Gouvènè a te mande ekspè repons ijans eta pou krewe liy kominikasyon ki pi solid avèk gouvènman lokal yo pou ajoute espesyalizasyon ak lide inik yo, kidonk nou tout ap pi byen prepare pwochen fwa yon ijans move tan frappe.

### ***Pwopozisyon #60: Envesti \$50 milyon nan nouvo veyikil ijans, chas nèj ak sistèm GPS***

Rekonèt ke yon repons efikas a move tan egzije plis pase antrènman ak kowòdinasyon, New York pral kontinye envesti nan resous enpòtan, sa ki gen ladan veyikil ijans vèsatil, machin ki gen aks wo ak chas-nèj adisyonèl. Nou pral konpete investisman sa a avèk enplemantasyon sistèm GPS modèn ki pral aktivman kontwole atou sa yo nan tan reyèl, kowòdone deplwaman presiz an konjonksyon avèk patnè lokal nou yo.

### **REFÒM GOUVÈNMAN**

### ***Pwopozisyon #61: Pase kanpay refòm finans reyèl pou redwi enfliyans lajan sou gouvènman nou an***

Lwa New York konsènan fason yo kapab depanse lajan finansman kanpay elektoral nan peyi a, sa ki pèmèt kandida ak ansyen ofisyèl piblik yo depanse lajan an pou afè pèsònèl yo san okenn vrè koneksyon nan kandidati a oswa nan fonksyon piblik la. Dapre refòm Gouvènè a, yo kapab itilize kontribisyon yo sèlman pou depans ki asosye dirèkteman nan eleksyon yo oswa nan fonksyon piblik yo. Depans pou avantaj pèsònèl kandida a oswa pou moun ki gen fonksyon an sèlman ta entèdi, epi yon lis long depans ki entèdi espesyalman ta fè pati nan lwa a.

### **EGALITE POU TOUT MOUN**

### ***Pwopozisyon #62: Ogmante laj la***

New York se youn nan sèlman de eta nan peyi a ki pa gen kapasite pou trete jèn ki gen laj 16-ak 17 ane yo kòm jivenil. “Ogmante Laj la” se yon mouvman kap defann repons jivenil pou krim minè yo koze.

Gouvènè a te kreye l nan mwa avril 2014, Komisyon an te gen responsabilite pou l te elabore yon plan dakasyon pou amelyore lwa demode sou jistis jivenil, sa ki gen ladan kesyon sou “Ogmante Laj,” epi devlope yon seri rekòmandasyon pou fè New York vini yon lidè nasyonal nan politik jistis efikas pou jèn yo. Komisyon an [pa twò lontan de sa te rekòmande](#) yon seri refòm konpreyansif ki ta ka chanje fason sistèm lajistis la trete tout jèn yo. Rekòmandasyon yo byen konsevwa pou prezève sekirite piblik nan kenbe kontwòl pwokirè jeneral la sou krim vyolans ki grav yo; sa ki pèmèt ofans krim vyolans bay estati delekan jivenil pou l konsidere nan kondanasyon si jèn lan kontinye komèt kalite ofans yo; ak bay kapasite pou enpoze santans ki pi long pou krim vyolans ki pi grav yo. Komisyon an estime ke, si refòm sa yo aplike yo ta prevni ant 1,500 ak 2,400 krim kont moun chak senkan nan Eta.

Gouvènè Cuomo sipòte rekòmandasyon Komisyon an e li pral entwodui lejislasyon pou enplemante yo nan sesyon lejislativ sa a.



### ***Pwopozisyon #63: Restore konfyans ant kominote a ak lapolis***

Montre rev Ameriken sou opòtinite ekonomik se yon kwayans fondamantal ak konfyans nan sistèm jistis nou an. Men yo te kesyone kwayans ak konfyans sa, prezante yon pwoblèm alafwa nan pèsepsyon ak nan reyalite. Pou restore konfyans ak respè ant kominote ak lapolis Gouvènè a pwopoze yon kantite rekòmandasyon, sa ki pral gen ladan sa ki annaprè yo:

1. Krewe yon Komisyon Rekonsilyasyon nan tout eta pou adrese relasyon lapolis/kominote nan katye ki afekte yo.
2. Rekrite plis minorite nan lapolis.
3. Jwenn epi mete disponib piblikman done sou ras ak etnisite nan konvokasyon, deli, ak lòt aksyon lapolis nan tout eta.
4. Fon pou ranplase jilè, kamera kò ak vit-pou pare boulèt pou machin patwouy yo nan zòn ki gen anpil krim yo.
5. Pwokirè Jeneral la ka pibliye yon rapò Gran Jiri oswa yon lèt sou fè nan ka lapolis yo kote yon sivil ki san zam mouri e yo pat prezante ka devan gran jiri oswa gran jiri a te neglije pou l akize.
6. Gouvènè a pral nome yon Kontwolè Endepandan (yon jij retirete, pa egzant) pou revize ka lapolis yo kote yon sivil ki san zam mouri e yo pa prezante ka devan gran jiri, oswa gran jiri neglije pou l akize. Nan ka sa yo, kontwolè a ka rekòmande Gouvènè a pou l nome yon pwokirè espesyal.
7. Kontwolè Endepandan pral gen aksè a dosye lapolis ak enfòmasyon gran jiri, sa ki pral pwoteje.

### ***Pwopozisyon #64: Kanpe pou Fi New York yo pase Lwa sou Egalite Fi***

Gouvènè a rete angaje pwofondeman pou avanse refòm lejislatif rapid pou simonte diskriminasyon kont fi yo. Nan ane ki pase yo, New York te sèvi kòm yon modèl pou egalite seksyèl ak ekite. Plan Gouvènè Cuomo pral retounen Eta nan plas lejitim li kòm yon lidè nasyonal nan egalite pou fi yo. Lwa sou Egalite Fanm lan pral:

1. Reyalize Ekilib nan Salè,
2. Mete yon Pwen Final nan Asèlman Seksyèl nan Tout Espas Travay yo,
3. Elimine Obstak pou Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon,
4. Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon akòz Sitiyasyon Fanmi,
5. Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon ki baze sou Lojman pou Moun ki Viktim Vyolans nan Kay,
6. Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon ki baze sou Sous Revni,
7. Pwoteje Moun ki Viktim nan Vyolans nan Kay avèk Ranfòsman Lwa sou Lòd Pwoteksyon
8. Ranfòse Lwa sou Trafik Moun
9. Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon ki baze sou Gwosès Yon Fwa Pou Tout, ak
10. Pwoteje Libète Fanm pou yo Fè Chwa yo vle.

### ***Pwopozisyon #65: Etann Règleman Agresyon Seksyèl SUNY nan tout eta***

Nan 2014, Gouvènè Cuomo te mande Konsèy Administrasyon SUNY pou adopte yon règleman agresyon seksyèl inifòm ak konpreyansif ki pwoteje sekirite ak dwa etidyan yo. Tout 64 kanpis SUNY yo te adopte règleman nan mwa desanm, e ane sa a Gouvènè a pral etann règleman an a kolèj prive yo, pou asire pwoteksyon pou tout etidyan kolèj New York plis pase yon milyon. Plis enfòmasyon disponib [la](#).

### ***Pwopozisyon #66: Bay asistans a sanzabri nou yo***

Popilasyon sanzabri nan New York se 80,590, ki konpoze jiska 14 pousan nan popilasyon sanzabri a nan tout peyi a e li se dezyèm popilasyon sanzabri ki pi elve nan peyi a, dapre yon resansman sanzabri HUD 2014. Eta aktyèlman depanse apeprè \$780 milyon nan pwogram sèvis sanzabri Biwo Asistans Tanporè pou Dezabilite te jere oswa kontwole, sa ki gen ladan abri ijans pou sanzabri yo, devlopman nouvo lojman sanzabri, aktivite prevansyon sanzabri, ak asistans lwaye.

Kontinye sipò sa a, Gouvènè Cuomo pwopoze pou envesti \$403 milyon adisyonèl nan sèvis sanzabri pandan pwochen ane yo, enkli \$220 milyon pou asistans lwaye nan Vil New York ak lòt pwogram ki adrese popilasyon sanzabri kap grandi nan Vil la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**

Performance \* Integrity \* Pride